

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basisir Langit mangrupa buku kumpulan sajak Surachman RM nu medal kadua dina taun 1976 sanggeus buku kumpulan sajak nu judulna *Surat Kayas* taun 1967 dina basa Sunda. Maman Surachman Radéa dibabarkeun di Garut, Jawa Barat, 13 Séptémber 1936. Surachman geus remen nulis ti SMP kénéh, sarta waktu SMA (1954) ngahususkeun tulisanana dina widang puisi. Sanggeus lulus sarjana ngora ti Fakultas Hukum Universitas Indonésia, Jakarta, inyana nuluykeun studina ka Fakultas Hukum Universitas Pajajaran, Bandung, tur lulus dina taun 1968. Dina taun 1969 nepi ka 1970 inyana nyiar élmu leuwih teleb deui di Syracuse University College of Law, Syracuse, New York, Amerika Serikat. Inyana kungsi ngajabat salaku jaksa di sababaraha tempat (Purwakarta, Karawang, Bandung, Cimahi) (Ruhaliah, 2020). Kungsi kapapancéan ogé jadi anggota DPRGR Kabupaten Bandung (jadi wawakil *cendekiawan* Golkar taun 1967-1969), satuluyna dipindahkeun ka Kajaksaan Agung R.I., Jakarta taun 2000 nu diangkat ku Présidén R.I. jadi salasaurang Komisionér Ombudsman nepi ka 2011.

Puisi-puisi hasil karya Surachman RM kungsi dimuat dina sababaraha majalah kasusastraan saperti *Indonésia*, *Kisah*, *Sastra*, *Budaya Jaya*, *Basis*, jeung *Horison*. Kitu deui, sababaraha puisina ogé aya nu geus ditarjamahkeun kana basa Inggris, Prancis, Jerman, jeung Rumania. Bisa kapanggih dina antologi nu judulna *Contemporaine* (1972), *On Foreign Shores* (1990), jeung *Manhattan Sonnet* (2001). Sabenerna teu pati réa sajak nu ditulis ku Surachman RM dina basa Sunda. Ukur aya opat judul sajak nu kaitung nepi ka ayeuna. Sanajan kitu, karya-karyana geus dianggap minangka bagéan tina kabeungharan sastra Sunda. Sajak-sajak nu ditulis ku Surachman RM dina ieu buku teu kabeungkeut ku hiji téma, tapi rupa-rupa, aya nu ngeunaan réfléksi kahirupan, cinta, kaéndahan alam, jeung sajabana. Ungkara-ungkara disusun tina kecap-kecap nu galeuhna mah mangrupa simbol

tina kahirupan éta sorangan, tuluy dipapaésan ku purwakanti nepi ka karasa wirahmana.

Karya sastra di masarakat lahir tina hasil imajinasi pangarang kana naon nu keur karandapanana atawa karasa dina haténa. Média pikeun ngedalkeunana rupa-rupa, bisa dina wangun novel, carpon, kawih, guguritan, sajak, jrrd. Unggal média miboga carana séwang-séwang pikeun méré éfék émosional ka masarakat salaku pangregep sarta pangajén. Bakal katingali kumaha kajembaran sarta pamadegan pangarang dina nyawang kahirupan tina karya sastra nu dihasilkeun. Ilaharna, nu jadi jejer dina karya sastra nyaéta ébréhan rasa manusa nu ngawengku pangalaman, pikiran, rasa, ide, jeung kayakinanana.

Basa nyaéta hiji alat pikeun nepikeun pesen atawa amanat nu aya dina karya sastra. Basa saenyana mangrupa tanda-tanda anu geus disaluyuan pikeun ngedalkeun hiji pikiran. Ku kituna, sahadé-hadéna pamikiran, parasaan, imajinasi atawa gagasan moal ngawujud lamun teu dikedalkeun mah. Ku ayana élmu semiotik sahenteuna bisa kapaluruh atawa kaungkab ma'na nu nyampak dina tanda/lambang sacara gembleng.

Karya sastra di tatar Sunda dikatégorisasikeun jadi tilu rupa dumasar wangunna, nyaéta prosa, puisi, jeung drama. Isnéndés (2010, kc. 56) nétélakeun yén puisi téh nyaéta karangan anu basana dirakit pinuh ku wirahma, kauger ku wangun jeung diksi, turta ungkara kalimahna lain lancarana cara basa sapopoé. Sajak téh kaasup kana wanda puisi nu tangtuna waé diwangun ku sababaraha unsur. Unsur-unsur nu ngawangun sajak téh gumulung ngajadi hiji, tur teu bisa dipisahkeun. Struktur dina sajak diwangun ku unsur-unsur nu dibéréndélkeun nu miboga tujuan pikeun ngajéntrékeun eusi atawa ma'na sajak.

Sajak dipasing-pasing deui jadi sawatara rupa. Mustappa (2014) nyebutkeun yén sajak téh aya nu kagolong kana sajak épik (sajak nu ngalalakon) jeung sajak lirik (ébréhan rasa pangarangna). Béda deui jeung Sudaryat (dina Rahayu, 2017) nu nétélakeun yén sajak téh aya tilu rupa, nyaéta sajak épik, sajak lirik, jeung sajak dramatik. Tiluanana miboga karaktérna séwang-séwangan. Dina

sajak ogé sok mindeng kapanggih kecap-kecap (diksi) nu biasana ngandung harti konotatif atawa lain harti nu saujuratna (saenyana). Tangtuna waé diksi téh miboga peranan nu kawilang penting, lantaran dina prosés panyusunanana kudu merhatikeun unsur éstétika jeung kaéndahan basana.

Nu jadi kasang tukang ku naon ieu panalungtikan ngagunakeun kumpulan sajak *Basisir Langit* minangka objék panalungtikan téh lantaran basa jeung kekecapanana nu karasa éndah, judul nu ngirut dina unggal sajakna, jadi matak panasaran kana ma'na éta sajak. Ku kituna, pikeun maham eusi-eusi sajak jeung maluruh ma'nana, sajak-sajakna perlu ditalungtik unsur-unsurna. Éta unsur téh ngawengku struktur jeung semiotik tina unggal sajakna. Sajak *Basisir Langit* ogé miboga sababaraha ajén atikan sangkan urang leuwih miduli ka alam sabudeureun, bisa kapanggih dina sajak nu judulna *Langit*, nu mana ngabogaan pesen yén saenyana alam dunya téh kacida legana, manusa salaku mahluk nu nyicingan ieu alam kudu bisa ngariksa naon nu geus dibéré ku Gustina. Geura baca ieu sempalan sajak di handap.

Alam nu tanpa wangenan

Jeung nu sacangkewok talapok

Nu meh langgeng jeung nu ngan salenggak

Di tengah-tengahna urang rungah-ringeh

Ajén lianna nu bisa kapanggih dina ieu sajak nyaéta ajén kamanusaan. Salasahijina bisa kapanggih dina sajak nu judulna *Suling*, di dinya panulis némbongkeun kaguligahan kana rasa kamanusaan di antara papada manusa. Kieu eusi sempalanana.

Lalaki leungiteun biwir

Lalaki anu musapir

Saha atuh nu sudi ngupahanana

Nu miwatir tur ngalungan kopeahna

Ku recehan?

Kateteler manehna di sisi jalan

Tangtuna pikeun bisa maham kana ma'na sarta eusi dina sajak butuh nu ngaranna pamarekan. Pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun pamarekan struktural. Saperti nu ditétélakeun ku I.A Richard dina Isnéndés (2018, kc.94), aya sababaraha bagian tina adegan batin nu bisa dipedar, di antarana aya eusi, téma, amanat, rasa, jeung nada. Kitu deui nurutkeun Alton C. Morris dina Isnéndés (2018, kc.94), struktur lahir puisi nu bisa dipedar téh ngawengku tipografi, citraan atawa imaji, rima, majas, jeung kecap kongkrét.

Teu cukup ku ukur maham adegan lahir jeung batinna wungkul dina maluruh hiji sajak, tapi kudu dititénan ogé tanda atawa simbol nu aya dina sajak. Salasahiji pamarekan nu bisa digunakeun pikeun nalungtik tanda atawa simbol téh nyaéta semiotik. Semiotik nyaéta élmu nu nalungtik sagala rupa dina posisi minangka wakil ti nu séjénna (Isnéndés, 2010, kc.95). Nyoko kana konsép dasar tiori semiotik Riffaterre, hal nu ngadasaran hiji puisi nyaéta didasaran ku ayana prémiss, nu mana puisi ngaéksprésikeun konsép jeung hiji hal sacara teu langsung. Riffaterre (dina Isnéndés, spk., 2018) sacara husus nétélakeun hubungan tanda nu aya dina puisi téh ngawengku tilu rupa, nyaéta kateulangsungan éksprési, intertékstualitas, jeung pembacaan semiotik: heuristik jeung hermeneutik.

Panalungtikan nu ngaguar struktur sajak katut semiotikna kawilang réa. Sawatara panalungtikan nu dijanggélékkeun dina wangun skripsi, di antarana: “Kajian Semiotika kana Kumpulan Sajak *Kidang Kawisaya* karya Chye Retty Isnendes” ku Noviyanti Rahayu taun 2006, “Ulikan Struktural-Semiotik kana Kumpulan Sajak *Lagu Padungdung* karangan Deni Ahmad Fajar pikeun Bahan Pangajaran Maca Sajak di SMA” ku Arini Dwi Jayanti taun 2014, “Kumpulan Sajak jeung Dangding *Di Nagri Katumbiri* Karya Dédy Windyagiri (Ulikan Struktural jeung Éstétika)” ku Rosita Pasta Aulina taun 2019, “Analisis Struktur Lahir jeung Batin dina Kumpulan Sajak *Di Taman Larangan* Karya Surachman RM” ku Derizda Sridaryanti taun 2021, “Buku Kumpulan Sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan (Ulikan Struktural jeung Semiotik)” ku Insi Alfadhilah taun 2022, jeung “Kumpulan Sajak *Kalangkang Ringrang* Karya Ari Andriansyah (Ulikan Struktural jeung Semiotik)” ku Asri Nurdiyanti taun 2023.

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan nu ditulis dina wangun jurnal, di antarana waé “Analisis Struktural Antologi *Puisi Hujan Lolos di Sela Jari* Karya Yudhiswara” ku Gunta Wirawan taun 2016, “Analisis Semiotik Pada Puisi *Barangkali Karena Bulan* Karya WS. Rendra” ku Budi Setia Pribadi taun 2019, jeung “Struktur dan Perspektif Biografis dalam Buku Kumpulan Sajak *Jemplang Bulan Ilang* Karya Dian Hendrayana” ku Rizal Firdaus taun 2021. Aya ogé nu ditulis dina wangun tésis, nyaéta “Kajian Struktural, Stilistika, dan Etnopedagogi dalam Kumpulan Puisi (Sajak) Periode Tahun 2000-an” ku Acep Deri Cahyadi jeung Dedi Koswara taun 2016 jeung “Kajian Struktur Sajak dalam Puisi Sunda Modern *Nu Nyusuk dina Sukma* karya Chye Retty Isnendes untuk Bahan Ajar Apresiasi Puisi di SMA Kelas XI” ku Taufik Al Rasyid taun 2016.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta perkara péso analisis struktural nu digunakeunna, nyaéta pamarekan tiori struktural Alton C. Morris (adegan lahir) jeung tiori struktural I.A. Richard (adegan batin). Anapon péso pikeun ngaguar hasil analisis semiotikna ngagunakeun tiori semiotik Michael Riffaterre. Bébédaanana nyaéta aya dina objék garapanana. Dina ieu panalungtikan nu jadi sumber datana nyaéta buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM.

Sawatara panalungtikan nu geus dilaksanakeun miboga mangpaat nu kawilang gedé, hususna dina widang basa jeung sastra. Salian ti pikeun mikawanoh ogé mikaweruh eusi sajak ngaliwatan analisis struktur, ieu panalungtikan baris nganalisis unsur semiotik nu nyangkaruk dina ieu kumpulan sajak. Ku kituna, ieu panalungtikan nu judulna “Kumpulan Sajak *Basisir Langit* Karya Surachman RM (Ulikan Struktural jeung Semiotik)” penting dilaksanakeun.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Nganalisis struktur lahir jeung struktur batin sajak anu nyampak, tuluy dipatalikeun ma'nana jeung kajian semiotika.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar idéntifikasi masalah nu geus ditétélakeun di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun deui saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur lahir jeung struktur batin sajak dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM?
- 2) Unsur semiotik naon baé nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM?
- 3) Kumaha patalina antara struktur lahir sarta struktur batin jeung unsur semiotik nu aya dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah di luhur, tujuan tina ieu panalungtikan sacara umum nyaéta pikeun mikawanoh eusi nu nyangkaruk dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM nagliwatan analisis struktural jeung semiotik, nu mana hal éta jadi salasahiji cara pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya Sunda, utamana sastra Sunda anyar dina wangun sajak.

1.3.2 Tujuan Husus

Dina tujuan husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar tilu hal, nyaéta:

- 1) nganalisis struktur lahir jeung struktur batin sajak dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- 2) nganalisis unsur semiotik dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM;
- 3) nganalisis patalina struktur lahir jeung struktur batin sarta unsur semiotik sajak dina buku kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis nu dipiharep bisa dihontal dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan mikaweruh jeung ngawewegan deui kana kajian-kajian struktural semiotik jeung ngaronjatkeun pamahaman masarakat kana karya sastra Sunda, hususna dina sajak, sarta bisa dijadikeun bahan référénsi pikeun bahan panalungtikan saterusna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina hasil ieu panalungtikan ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) pikeun panalungtik, hasil tina ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh dina widang paélmuanana;
- 2) pikeun pamaca, bisa méré gambaran kumaha struktur lahir jeung struktur batin nu dipatalikeun jeung kajian semiotika dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM; jeung
- 3) pikeun masarakat, bisa leuwih maham kana ma'na jeung struktur dina kumpulan sajak *Basisir Langit* karya Surachman RM sarta ngahudang kasadaran kana kabeungharan sastra Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan tiori-tiori nu aya dina panalungtikan, medar leuwih jero ngeunaan sajak, struktural, semiotik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métodologi panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data

panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan hasil panalungtikan sagemblengna, nyaéta hasil ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, sarta tiori nu aya dina Bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Saran. Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan ringkesan tina sakumna hasil panalungtikan, jeung ngamuat saran nu ditepikeun ku panalungtik keur nu maca sangkan panalungtikan satuluyna leuwih hadé deui.